монокультуры Советской власти в Каракалпакстане и ее последствия (1917-1990 гг.). — Ташкент: Изд-во Национальной биб.-ки Узбекистана им. Навои, 2008; Исмаилов О. Развитие здравоохранения в Республике Каракалпакстан (Х1Х - ХХ вв.). Автореф. дисс. ... канд. мед. наук. Ташкент, 1996; Караманова Г. История аграрных отношений в Каракалпакстане (1917-1941). – Автореф. дисс. … канд. ист. наук. – Нукус, 2009.

3. Досумов Я.М. Очерки истории Кара-Калпакской АССР. 1917-1927. - Ташкент: Изд-во АН УзССР, 1960.

4. ЦГА РК, ф.16, оп.1, д.17, л.3.

5. Таўмуратов Н. Адамларды қорғаў ҳуқуқы менен. Қарақалпақстан милициясының тарийхынан. – Нөкис «Қарақалпақстан», 1992.

6. Сарыбаев М.К. Политика хлопковой монокультуры Советской власти в Каракалпакстане и ее последствия (1917-1990 гг.). — Ташкент: Изд-во Национальной биб.-ки Узбекистана им. Навои, 2008.

7. Исмаилов О. Развитие здравоохранения в Республике Каракалпакстан (Х1Х - ХХ вв.). Автореф. дисс. ... канд. мед. наук. -Ташкент, 1996.

8. Уразбаева Р. История народного образования в Каракалпакстане. – Ташкент, 2010.

9. Сагындыков Б.А. 1917-1941 йиллардаги Қорақалпоғистон маданияти: муаммо ва ечимлар. Т.ф.д. PhD дисс. автореферати. – Нукус, 2023.

10. ЦГА РК, ф.16, оп.1, д.17, л.41.

11. Абдукаримов А.А. 1917–1991-йилларда Қорақалпоғистон қишлоқларининг ижтимоий-иқтисодий ҳаёти. т.ф.д. PhD дисс. автореферати. – Нукус, 2024.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада 1917-1920 йилларда Қорақалпоғистондаги ижтимоий сиёсат ҳақида сўз этилади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается социальная политика в Каракалпакстане 1917-1920-е годах.

**SUMMARY.** The article examines social policy in Karakalpakstan in the 1917-1920s.

## KONSTITUTSIYA-DEMOKRATIYALIQ RAWAJLANIWDIN TIYKARI

**S.M.Seytnazarov –** *magistrant*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** konstitutsiya, reforma, modernizaciya, demokratiya, idealogiya, tolerantlik.

**Ключевые слова:** конституция, реформа, модернизация, демократия, идеология, толерантность.

**Key words:** constitution, reform, modernization, democracy, ideology, tolerance.

Konstitutsiya (latınsha “Constitution” - dúziliw) - mámlekettiń tiykarǵı nızamı. Ol mámleket dúzilisin, húkimet hám basqarıw shólkemleri sistemasın, olardıń kepilligi hám de qáliplestiriliw tártibi, saylaw sisteması, puqaralardıń huqıq hám erkinlikleri, jámiyet hám shaxstıń óz ara qatnasları, sonıń menen birge, sud sistemasın hám de mámleket hám jámiyettiń óz ara qatnasların belgilep beredi. Ózbekstan Respublikası basqarıwdıń respublikalıq formasına iye bolǵan suveren, demokratiyalıq, huquqıy, sociallıq hám dúnyalıq mámleket bolıp tabıladı. Bul konstituciyamızdıń 1-statiyasında kórsetilgen. Házirgi kúnde 130 dan aslam millet wakilleri bir shańaraqtıń perzentlerindey tatıwlıqta hám tınıshlıqta jasap keliwi mámleketimizdiń milletler ara tatıwlıq hám keńpeyillik principi tiykarında jasap atirǵanlıǵınıń belgisi bolıp tabıladı. Jámiyet bar eken óziniń haq huqıqlarınıń qorǵalıwına hám onıń ámel etiliwine tiykar bolatuǵın tártip normalardıń jaratılıwın qáleydi. Bizge belgili filosoflardıń biri T.Gobbstıń filosofiyalıq kózqarasın eske túsiretuǵın bolsaq onıń aytıwınsha insannıń jasawı ushın hawa hám suw qanday zárúr bolsa jámiyet ushın tártip qaǵıyda normaları sonday áhmiyetli esaplanadı. Adamlar ádette tabiyiy hám jasalma halatqa bólinedi, bul degeni tabiyiy jaǵdayda ol tabiyat nızamına boysınıp jasaydı. Jasalma halatqa keletuǵın bolsaq insanlar jámiyette tártip normalardıń bolıwı ushın etikalıq hám huqıqıy qaǵıydalar islep shıǵadı hám oǵan ámel etip jasaydı. Bunnan kóriwimizge boladı, eger jamiyette qandayda bir tártip qaǵıyda normaları bolmasa jamiyette úlken xaos júzege keledi. Tariyxqa kóz júriter ekenbiz, áyyemgi dawirdegi mámleketlerdiń ózinde kúshli nızamlar hám qararlar bolǵanlıǵın bilemiz. Máselen: Nızamlar dúziwshi húkimdar atı menen belgili Xammurapi dawirindegi nızamlar qatańlıǵı menen bársheni lal qaldırǵan. Máselen: Shıpaker ámelge asırǵan operaciya natiyjesinde biymar ólip qalsa, shıpakerdiń qolları kesip taslanıwı shárt bolǵan. Egerde arxitektor qurǵan imárat qulap tusip adamlar óletuǵın bolsa, arxitektor óltiriliwi lazım bolǵan. Sol menen bir qatarda Áyyemgi Greciyada Drakont nızamlarına keletuǵın bolsaq hár qanday jınayat túrine bir ǵana jaza ólim jazasın qolaǵanı ushın “Sıya qalıp, qan menen jazılǵan” - dep grekler táriyip bergen. Bizler bunnan kórsek boladı, jámiyet ushın huqıqıy nızamlar, morallıq qaǵıydalar bolsa ǵana jámiyet tınıshlıq hám tatıwlıqta jasaydı.

Konstituciya ádette insan huqıqlarına hám mámleket suvereniteti idealarına sadıqlıǵın, házirgi hám keleshek áwlad wákilleri ushın joqarı juwapkershilikti ańlatqan halda tariyxıy, milliy qadiryatlarımızǵa tayanıp, sonday-aq xalıq aralıq huqıq tarawlarında kórsetilgen principler tiykarında insaniylıq, demokratiyalıq hám huqıqıy mámleketti payda etiw maqsetinde konstituciya qabıl etilgen.

Ǵárezsizliktiń sharapatı menen júzege kelgen tilimiz, dinimiz, tariyxımız, mánawyatımız insaniy huqıqlarımızdı qaytarıp berdi. Sol menen bir qatarda siyasiy qadiryatlarımızdı mámleket hákimyatın basqarıwdaǵı xalıqtıń qatnasıwın tamiyinlep berdi. Ózbekstan Respublikası jańa konstituciyasınıń 33-statiyasında kórsetilgendey: “Hár kim pikirlew, sóz hám isenim erkinligi huqıqına iye. Hár kim hár qanday málimlemeni izlew, alıw hám tarqatıw huqıqına iye. Mámleket internet jáhán málimleme tarmaǵınan paydalanıwdı tamiyinlew ushın sharayatlar jaratadı. Málimleme izlew, alıw hám tarqatıwǵa bolǵan huqıqtı sheklewge tek ǵana nızamǵa muwapıq hámde konstituciyalıq duzimdi, xalıqtıń densawlıǵın hám socialliq adep-ikramlılıqtı, basqa shaxslardıń huqıq hám erkinliklerin qorǵaw, jámiyet qáwipsizligin hám de jamiyetlik tártipti támiyinlew, sonday-aq mámleket sırları yamasa nızam menen qorǵalatuǵın basqa sır ashılıwınıń aldın alıw maqsetinde zárúr bolǵan sheńberde jol qoyıladı.” Bunnan elimizde

bilim alıwǵa, emin-erkin izleniwge shárt-sharayatlar jaratılǵanlıǵın kóriwimizge boladı. Ilimiy-izertlew jumıslarında heshqanday cenzuralardıń joqlıǵı qaytama ilimiy-izertlew jumısların alıp barıw ushın keń mumkinshilikler jaratılǵan. Bular haqqında qısqasha aytatuǵın bolsam bakalavr, magistratura hám doktoranturadaǵı talabalar ushın házirgi kúnde qánigelik jumısı boyınsha izlenemen dese kóplegen maǵlıwmatlardı izlep oqıw múmkinshiligi jaratılǵan. Házirgi kúnde dúnya júzi globallasıw dáwirinde jasar eken pútkil insaniyat xabar jamiyetisiz jasay almaydı hám dúnyanı olsız kóz aldına keltire almaydı. Xabar jámiyeti asirinde jasar ekenbiz insanlar hár hápte emes hár kuni, hár saat, hár minutta jańa informaciya hám bilimlerge iye bolmaqta. Eger insan bir jıl ǵalaba xabar qurallarısız jasasa ol insan jámiyetten pútkilley uzilip qaladı sebebi jamiyet statik halatta emes dinamik tiykarda rawajlanbaqta. Konstituciyamızda kórsetilgendey hárkim ózine kerek bolǵan informaciyanı heshqanday tosıqsız alıw hám tarqatıw múmkinshiligine iye, bul bolsa kóplegen jaslardıń bilim alıw múmkinshiligin beredi. Konstituciyamızdıń 35-statiyasın alıp qaraytuǵın bolsaq bul statiyada "Hámme ushın hújdán erkinligi kepillenedi. Hár kim qálegen dinge sıyınıw yáki hesh qaysı dinge sıyınbaw huqıqına iye. Diniy qaraslardı májbúriy sińdiriwge jol qoyılmaydı"[1] dep belgilenip qoyılǵan. Bunnan kóriwimizge boladı, Ózbekstan Respublikasında kóp milletli xalıqlardıń tınıshlıq hám awızbirshilikte jasap atırǵanlıǵın kóriwimizge boladı. «Keńpeyilik-bul qollap-quwatlaw, kemisitiw yáki indulgenciya emes». Tolerantlik, bárinen burın, insannıń ulıwma insanıylıq huqıqları hám basqalardıń tiykarǵı erkinliklerin tán alıwdan kelip shıqqan halda aktiv qatnas jasaw bolıp tabıladı. Tolerantlıq bólek shaxslar, toparlar hám mámleketler tárepinen ámelge asırılıwı kerek. Tolerantlıq - bul biziń dúnyamızdaǵı túrli bay mádeniyatlardı, ózin ańlatıwdıń hám insannıń ayrıqsha kórinetuǵın hár qıylı usılların húrmet qılıw, qabıllaw hám tuwrı túsiniwdi ańlatadı. Onı bilim, shın júreklilik, baylanıs hám erkin pikir, hújdan hám isenim payda etedi. "Tolerantlıq bul hár túrliliktegi birlikdir…" UNESCO tárepinen 1995-jıl 16-noyabrde qabıl etilgen "Tolerantlıq principlerı Deklaratsiyası" daǵı "tolerant" sózi ózbek tiline "tolerantlıq" dep awdarma etilgeninen keyin bul sóz tilimizde ornalasıp qaldı. Tolerantlıq penen bir qatarda diniy tolerantlıq sózi de keń qollanıladı. Diniy tolerantlıq bul túrli dinge sıyınıw wákilleriniń sıyınıwdaǵı isenimlik ayırmashılıqlardan qaramastan, bir jerde qasında, tınıshtatıw, óz ara sheriklik hám de doslıq qatnaslarında jasawları bolıp tabıladı. Sonıń menen birge, diniy tolerantlıq – hár qıylı dinge sıyınıwshılardıń,adamlardıń ullı ideya hám niyetler jolında birlikli bolıp jasawı, adamlıq jámiyeti gúlleniwi jolında xizmet etiwin ańlatadı. Házirde bul ideya jaqsı isler jolında tek ǵana dindarlar, bálkim jámiyettiń barlıq aǵzaları sherikligin názerde tutadı.

Sol menen bir qatarda konstituciyamızdıń IX babı haqqında pikir júrgizsek ekonomikalıq, sociallıq, mádeniy hám ekologiyalıq huquqlar keltirilip ótilgen.

50-statiyada: "Hár kim bilim alıw huqıqına iye. Mámleket úzliksiz bilimlendiriw sisteması, onıń hár qıylı túrleri hám formaları, mámleketlik hám mámleketlik emes bilimlendiriw shólkemleriniń rawajlanıwın támiyinleydi. Mámleket mektepke shekemgi bilimlendiriw hám tárbiyanı rawajlandırıw ushın shárayatlar jaratadı. Mámleket biypul ulıwma orta bilimlendiriw hám baslanǵısh professional bilim alıwǵa kepillik beredi, ulıwma orta bilimlendiriw májbúriy bolıp tabıladı. Mektepke shekemgi bilimlendiriw hám tárbiya, ulıwma hám orta bilimlendiriw mámleket qadaǵalawında boladı. Bilimlendiriw shólkemlerinde ayrıqsha bilim mútájliklerine iye bolǵan balalar ushın inklyuzivlik bilim hám tárbiya támiyinlenedi" [1]. Bunnan kóriwimizge boladı házirgi kúnde mámleketimizde bilimlendiriwge júda úlken itibar qaratılıp atır. Mámleketlik hám mámleketlik emes bilimlendiriw shólkemleriniń ortasındaǵı báseki payda bolıp atır bul bolsa tálim sisteması sıpatınıń joqarılawına alıp keledi. Prezidentimiz Shavkat Mirziyoyev aytıp ótkenindey "Agar mendan sizni nima qiynaydi?" deb so'rasangiz, farzandlarimizning ta'lim va tarbiyasi deb javob beraman. Bunnan tálim hám tárbiya birdey alıp barılıwı kerekligin kóriwimizge boladı. Tálim hám tárbiyanı birdey alıp barılıwı haqqında birinshi prezidentimiz I.Karimov bılayınsha táriyip bergen edi :"Ta'limni tarbiyadan, tarbiyani esa ta'limdan ajratib bo'lmaydi" [3]. Keleshegimiz bolǵan jaslarımızǵa birinshi náwbette durıs hám jaqsı tálim hám tárbiya bersek keleshegimiz isenimli qollarda dep qorıqpay ayta alamız.

Juwmaqlap aytatuǵın bolsam Konstitutsiyamız xalqımız ushın xizmet etetuǵınlıǵın jámiyetlik sanaǵa sińdiriw lazım. Prezidentimiz Sh.Mirziyoyev aytıp ótkenindey "Xalıq mámleketlik organlarǵa emes, mámleketlik organlar xalıq ushın xizmet etiwi kerek" sol sıyaqlı shıǵarılıp atırǵan nızamlar hám qararlar puqaralarımızdıń haq huquqlarınıń qorǵalıwı ushın olardıń social-ekonomikallıq jaqtan jaqsı jasawı ushın xizmet qılıwı lazım.

**Ádebiyatlar**

1. Ózbekstan Respublikası Konstitutsiyası. 01.05.2023. https://lex.uz/docs/6445145.
2. Karimov I. "Yuksak ma'naviyat –yengimas kuch". – Toshkent: "Ma'naviyat", 2008.
3. Mirziyoyev Sh. "Buyuk kelajagimizni mard va oliy janob xalqimiz bilan birga quramiz". – Toshkent: 2017.
4. Mirziyoyev Sh. "Milliy taraqqiyot yo'limizni qattiyat bilan davom ettirib, yangi bosqichga ko'taramiz". – Toshkent: 2017.
5. Mirziyoyev Sh. "Yangi O'zbekistonda erkin va farovon yashaylik" . –T.: 2021.
6. Ayapov O. "Dunyo siyosat jamiyat". – Guliston: 2018.

**REZYUME.** Maqolada konstitutsiyamizda takidlab o'tilgan inson huquq va erkinliklari, demokratik islohotlar, iqtisodiyotni modernizatsiya qilish, ijtimoiy o'zgarishlar xususida fikr yurutilgan. Xususan millatlararo tinchlik va totuvlikni mustahkamlash, tarixiy-madaniy an'analarni yanada rivojlantirish masalalari takidlab o'tilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются права и свободы человека, закрепленные в нашей конституции, демократические реформы, экономическая модернизация и социальные изменения. В частности, были подчеркнуты вопросы укрепления межнационального мира и согласия, дальнейшего развития историко-культурных традиций.

**SUMMARY.** The article discusses human rights and freedoms enshrined in our constitution, democratic reforms, modernization of the economy, and social changes. In particular, the issues of strengthening interethnic peace and harmony, and further development of historical and cultural traditions are emphasized.